




Limye Pou Lekòl La

Novanm/Desanm 2011

Gerí « Blesi » a

Mark Rudolph

Ekriven pwovèb la di : « Moun ki pa renmen yo rale zòrèy yo, se moun san konprann » (Pwovèb 12 :1). Poutan, konbyen nan nou kapab di : « Mwen vrèman kontan paske yo te rale zòrèy mwen ? »

Ou konnen kouman sa ye. Jou a ap pase byen enteresan. Briskeman yon moun pale e di nou ke nou pa fè bagay yo jan yo te espere nou fè li, nan fason sa a oubyen nan lòt fason. Sa difisil pou sipòte. Nou vle reponn byen ak jantiyès : « Mwen va eseye fè li pi byen jan ou vle ». Men genyen yon « blesi » chokan ankò. Poukisa mwen pa t' rive nan mezi ke yo espere ?

Anpil fwa santiman fwase siprann nou. Malgre nou renmen agreyab, nou gen tandans tyak nan repons nou.

Èske gen èd pou yon feblès konsa ? Èske gen espwa ke nou kapab fòme yon pi bon abitud e asepte blam yon fason agreyab ?

Salmis la te panse genyen. Li te pataje avèk nou metòd pou asepte repwòch nan Sòm 141 : 5. Li te ekri : « Ou mèt kite yon moun ki mache dwat pini m. Ou mèt kite yon moun k' ap sèvi ou rale zòrèy mwen. Li va tankou yon bon jan lwil sou tèt mwen. Lapriyè mwen va leve kont mechainste yo » (vèsyon Bib anglè).


Premyèman, li rele moun ki bay blam nan yon moun ki mache dwat. Li wè sa kòm si blamè a vle wè sa ki dwat. Byen, ou menm avèk mwen vle sa tou, pa vre ? Konsa, li te gade blam nan kòm yon dezi tankou sa nou dwe genyen tou pou sa ki dwat. Paske Salmis la te vle sa ki dwat, gade repwòch kòm sa ki dwat te ede li panse nan li menm, *Sa itil. Kite jis la bat mwen ; sa va yon bonte.*

« Sa va yon bonte ». Sa atire atansyon nou, malgre

sa di pou ògèy nou. Si nou t' ap panse twò wo konsènan nou menm, blam mennen nou tounen sou tè a. Avèk imilite se sajès. Bib la di : « Moun ki koute lè y' ap rale zòrèy yo pou byen yo va jwenn yon plas nan sosyete moun ki gen bon konprann » (Pwovèb 15 :31). Moun ki enb pa reyaji lè li resevwa blam. Blam fè nou sonje ak jantiyès pou nou imilye nou yon fwa ankò. E lè nou imilye nou sa fè Bondye plezi.

Lè blam nan fè nou fache, nou sanble avèk yon pòt k' ap fè bri, ki gen gon yo k' ap fè bri. Men salmis la di : « Kite li blame mwen, sa tankou yon bon jan lwil » (Sòm 141 :5). Ou konnen, sa mande lwil pou fè yon gon sispann fè bri. Salmis la sanble ap pale konsènan yon blam kòm yon lwil. Sa pa fè ou santi ou byen, imedyatman. Tankou Bib la di : « Lè y' ap pini nou, sa yon ti jan vle fè nou plis lapenn pase pou l' ta fè nou kontan. Men pita, moun ki soti byen elve apre tout pinisyon sa yo, yo pral mennen yon lavi byen dwat ak kè poze » (Ebre 12 :11).

Blam te kapab vini jwenn salmis la paske li pa t' fè



moun ki te blame li a plezi. E olye santi li tris pou li menm, salmis la te fè sa yon sijè lapriyè imedyat. Olye panse kouman repwòch blese li, li te panse konsènan kouman li menm te dekouraje blamè a. Li te kwè li te bezwen koreksyon.

Lè yon moun blame mwen, li p' ap chache desann mwen oubyen blese mwen. Li vle mwen geri. Li vle ede mwen vin yon pi bon moun. Se pou rezon sa a sa enpòtan nan moman an pou mwen pa reponn avèk gwosyète. Pou louvri bouch mwen e di yon bagay dezagreyab va senpleman fè sa pi move.

Repwòch, ebyen, dwe imedyatman reveye nou pou lapriyè. Lapriyè pou nou kapab venk fot sa a ke lòt moun wè nan nou. Lapriyè pou nou kapab reponn avèk dousè epi pozitivman. Paske lè nou

lapriyè, blam nan va vin tounen yon etap nan devlopman karaktè nou. Paske li se yon èd nan devlopman, blam kapab vin yon « bonte », yon « lwil ekselan ».

Se pou nou imilye nou imedyatman nou resewa repwòch. Sa kapab pran tan pou kraze abitud santi nou blese. Sonje lapriyè sou sa e li Sòm 141 :5 ; sa kapab ede nou souvan.

« Ou mèt kite yon moun ki mache dwat pini m'. Ou mèt kite yon moun k' ap sèvi Ou rale zòrèy mwen. Li va tankou yon bon jan lwil sou tèt mwen. Lapriyè mwen va leve kont mechainste yo ».

Atik sa a soti nan *Companions*, Feb. 6, 2011 Vol. 38, No. 6
Christian Light Publications, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

« Mwen Dwe Travay...Pandan Li Jou »

Fanmi nou t' ap jwi yon sware enteresan, kote nou t' ap monte bisiklèt sou yon chemen ki te genyen wòch. Yo te itilize zòn sa a pou ray tren anvan, men yo pa itilize li pou sa ankò. Yo te wete ray yo e bwa ki te sipòte yo, e zòn nan te konvèti tounen yon chemen bisiklèt. Mwen te vle rive nan pwochen vil la anvan mwen te retounen nan pakin nan, e konsa li te yon ti jan ta lè nou te kòmanse vwayaj pou retounen. Nwit la t' ap vini vit ! Anvan lontan nou te reyalize ke nou va pedale nan fènwa. Mwen te vle pran plezi nan sèn nan, men nan yon ti moman nwit la te kache bote bò wout la.

Pandan mwen t' ap pedale vit jan mwen te kapab, mwen te sonje pawòl Jezi yo : « Toutotan li fè klè toujou, se pou M' fè travay moun ki voye M' nan ban M' fè a. Talè konsa li pral fè nwit, pèsonn p' ap ka travay » (Jan 9 :4). Jounen a sanble tèlman kout, nwit la sanble tèlman final. E mwen toujou vle...

Mwen gen anpil bi nan lavi a. Mwen ta renmen ale nan pwochen « vil » la e tounen anvan li fènwa. Men, pandan m' ap fè vitès nan senkant lane nan lavi mwen e sonje kouman dis dènye lane yo te pase vit, mwen reyalize ke nwit la va tonbe anvan mwen akonpli tout bi mwen yo. Anvan lontan jou mwen an va tounen nwit, e mwen dwe travay

kounyeya !

« *Mwen dwe travay* » - Kreyen dwe travay ; li gen yon chay pou kenbe e yon apèl pou akonpli nan sans fizik e nan sans espiyèl. Non sèlman li dwe travay, men li vle travay, pou itil, pou kontribiye nan yon bagay pou kamarad li yo e pou wayòm Bondye a. « Si yon moun pa vle travay, li pa dwe manje nonplis » (2 Tesalonisyen 3 :10). Kreyen pa vle yon parazit ki depann sou lòt moun, li pa vle yon vòlè nonplis. Li pa vle tankou prèt la oubyen levit la « ki pase sou lòt bò chemen an » olye travay pou beni kamarad li.

« Se pou moun ki te konn vòlè sispann vòlè. Okontrè, se pou l' travay di ak men l' san fè move konbinezon, pou l' sa gen dekwa bay moun ki nan bezwen » (Efezyen 4 :28). Nou gen de rezon pou travay : pou pran swen bezwen nou e pou bay moun ki nan nesesite. Nan monn peche sa a ki plen avèk maladi, lagè e dezaz natirèl, p' ap janm manke moun ki bezwen èd. « Paske, pòv yo, n' ap toujou genyen yo avèk nou » (Matye 26 :11).

Nou kapab vin dekouraje avèk dezi pou travay pou genyen lajan pou bezwen nou. Sa ta bon pou gen plis tan pou travay espiyèl. Poutan, pandan n' ap travay pou pen nou, nou gen anpil opòtinite pou temwaye nan pawòl e nan aksyon. Kreyente se plis pase yon bèl teyori pou pale sou

li ; nou demontre angajman kretyen nou, dilijans, koutwazi, e onètete nou nan fason pratik. Travay woutin fè pati mouvman pedale a ki mennen nou lakay anvan li fènwa.

« *Travay Sila a ki voye Mwen* » - Ki travay m' ap pwodwi ? Travay mwen te kòmanse nan pwòp imajinasyon mwen oubyen sila yo ke Senyè a te kòmanse ? « Si se pa Senyè a ki bati kay la, travay moun k' ap bati yo pa vo anyen » (Sòm 127 :1a). Nou twò gen tandans pou etabli pwòp kalandriye pa nou e mete pwòp bi nou. Nou kapab pedale vit tankou nou vle, men si nou pa nan bon wout la e si nou pa ale nan bon direksyon an, nou p' ap rive nan destinasyon nou anvan li fènwa. Defi nou se pa pou « jwenn nou menm » tankou anpil moun vle fè, men pou jwenn Jezi Kris kòm Sovè e Senyè nou. « Moun k' ap chache asire lavi l' va pedi li. Men, moun ki va pedi lavi l' poutèt Mwen va jwenn li ankò » (Matye 10 :39). Nou jwenn pwòp lavi nou lè chak jou nou mande direksyon Senyè a e direksyon Li pou akonpli bi Li nan nou.

« *Pandan li jou* » - Solèy la kouche vit si n' ap kouri avèk li. Lè nou viv e travay avèk yon bi, tan an disparèt. Nou fè moman yo konte paske yo rive fè lè, jou e lane. « Yè ale, demen ka pa janm vini, men nou gen moman jodi a ». « Nou pa menm konnen sa lavi nou va ye denmen. Lavi nou tankou yon nyaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li disparèt » (Jak 4 :14). « Pa kite okenn okazyon pase pou fè sa ki byen. Paske, jou sa yo n' ap viv la

a pa bon menm » (Efezyen 5 :16).

« *Lannwit ap vini. Lè sa a, pèsonn p' ap kapab travay* ». Sa se yon verite senp e pwofon : lè jou lavi nou fini, nou pa kapab travay ankò. « Tout sa ou jwenn pou ou fè, fè l' ak tout fòs ou. Paske, kote ou prale a, nan peyi kote mò yo ye a, nanpwen travay pou ou fè, pa gen lide ki pou mache nan tèt ou, pa gen konesans, pa gen bon konprann » (Eklezyas 9 :10). Ou viv yon sèl fwa e ou mouri yon sèl fwa. Pa gen dezyèm chans apre lanmò. « Lavi yon moun anvan lontan va pase ; sèlman sa ki te fèt pou Kris va dire ». « Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo » (Ebre 9 :27). Nou dwe kontinye pedale nan lavi a pou solèy pa kouche anvan nou rive nan destinasyon nou, anvan Bondye akonpli bi Li nan lavi nou. « Paske, se Bondye menm k' ap travay tout tan nan kè nou. Se Li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè L' plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè l' vre » (Filipyen 2 :13).

Se pou atik sa a ankouraje ou, chè lektè, nan travay ou pou Jezi Kris, nan travay ke Jezi Kris fè nan ou. « Toutotan li fè klè toujou, se pou M' fè travay moun ki voye M' nan ban M' fè a. *Talè konsa li pral fè nwit, pèsonn p' ap ka travay* » (Jan 9 :4). Bondye beni ou.

Se James K. Nolt ki ekri atik sa a
Semans Verite A Jen 2011

~« Nou Pa Jwenn Paske Nou Pa Mande »

Harold M. Weaver

Pwofesè yo te prèske dezespere. Yo te eseye tout remèd posib sou ti gason an, e yo te toujou pa wè bon rezilta. Paran timoun nan pa t' kapab bay okenn lide sou pwoblèm ti gason an. Papa ti gason an t' ap poze tèt li kesyon poukisa sa rive, e li pa t' kapab jwenn repons lan. Sanble ke nan moman yon pwoblèm jwenn solisyon, yon lòt pi gwo difikilte te vini. Lòt gwo otorite yo te bay anpil konsèy, anpil pwofesè te evalye li, men ka a te vin pi dezespere.

Gran Pwofesè a te antre nan sèn sa a ki te sanble san espwa. Avèk kèk kesyon senp, yon defi pou

papa ti gason an, epi yon blam ki te touche lespri ti gason an, dezòd la te ranplase avèk yon kalm. Asistan pwofesè yo te etone. Poukisa tout efò pa yo te echwe ? Poukisa yo te manke pisans pou korije sitiyasyon an ?

Mèt la te senpleman reponn : « Se lapriyè sèlman ki pou fè kalite lespri sa a soti » (Mak 9 :29).

« Nou pa jwenn paske nou pa mande » (Jak 4 :2). Ala yon gwo dilèm, poutan ala yon remèd senp ! Èske nou janm jwenn nou koupab paske ou manke kominike avèk Gran Pwofesè a ? Nou eseye tout ide nou yo, nou pale avèk pwofesè ki

gen plis esperyans, nou diskite avèk direktè nou, e nou pote sa nan reyinyon fakilte nou - nou fè tout sa anvan nou pase tan sou jenou, pou nou ap mande Papa toupisan nou an pou ban nou sajès nesèsè pou rezoud dezòd oubyen pwoblèm nou rankontre yo.

Lè nou manke nan lavi lapriyè, nou montre yon atitid ke nou sifi pou tèt nou. Resous Bondye pa janm manke. Li konnen egzakteman kisa chak pitit Li bezwen anvan menm difikilte yo parèt. Men Li egziye nou pou nou imilye nou e mande Li anvan Li ban nou repons la. « Se pou sa Mwen di nou : Tout sa n' ap mande lè n' ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou resevwa l' deja, n' a wè sa rive vre » (Mak 11 :24). Yon bèl lane lekòl se yonn nan rekonpans klè Bondye pou travay lapriyè nan chanm paran e pwofesè.

Kouman nou ka panse pou venk lènmi nou an san nou pa premyèman koube jenou nou ? Pi gran batay nan tout istwa a te fèt e Mèt la te genyen viktwa sou li lè Li te mete Li sou jenou Li nan Jaden Jetsemane. Se te sou jenou Li ke Li te jwenn fòs pou soumèt devan volonte Papa a. E se te la zanj yo te rankontre Li e sèvi Li. Poukisa nou panse nou kapab jwenn repons konpleksite lavi a e genyen kouraj pou fè fas ak jou k' ap vini yo poukont nou, si menm Kris pa t' fè sa ? « Li mache pi byen pou sila a ki ajenou pi plis ».

Sa mande pou pase tan nan lapriyè, non sèlman paske Bondye pwomèt reponn lapriyè nou, men tou poutèt sa lavi lapriyè fè pou nanm nan. Kominyon pre avèk Bondye va lakòz nou reflète glwa Li. Lapriyè ede nou wete peche, mete ògèy sou kote, konbat echèk pandan sa mennen nou nan volonte pafè Bondye. Dyab la gen difikilte pou fè chemen li nan lekòl kote pwofesè a chak jou plede avèk Bondye nan lapriyè.

Bondye pa swete pou nou itilize Li kòm dènye resous apre nou fin eseye tout lòt resous. Anreyalite si nou pa vin jwenn Li kòm sèl resous, nou pa dwe espere Li travay pou nou. Paske nou pa kapab jwenn repons pa mwayen pwòp efò nou, sa se prèv imanite nou. Apre moun ki te ekri Konstitisyon Ameriken an te travay pandan yon mwa fatigan, san fè anpil pwogrès sou ki mo

pou mete nan dokiman an, Benjamin Franklen te pwopoze pou chak sesyon kòmanse avèk lapriyè. Li te di : « Ti pwogrès nou fè a e lide diferan nou sou prèske chak kesyon se yon prèv tris enpèfeksyon konpreyansyon lòm. Kouman sa ka fèt pou nou pa menm yon sèl fwa panse pale ak Papa Limyè a pou eklere konpreyansyon nou ? Si yon zwazo pa kapab tonbe atè san Li pa wè sa, èske se posib pou yon anpi pran nesans san èd Li ».

Poukisa nou tèlman ezite pou mande Papa nou èd, ki toujou pare pou fè pou nou « pi plis pase tout sa nou ta ka mande oubyen panse » (Efezyen 3 :20) ? Pètèt lespri nou ki okipe tèlman boulvèsè ke nou bliye mande. Pwobableman, pi gran feblès nou se paske nou gen twòp konfyans nan tèt nou. Apre sa tou, si nou te gen bon siksè nan tan pase yo, si nou te manke lide, sètènman komite a ta va ban nou. Petèt estrès lavi lekòl la rann nou twò fatige pou kominike byen avèk Papa nou ki nan syèl la. Sètènman ou va gen estrès si ou eseye pote chay ki ta sipoze pote sou zepòl Bondye !

Nou bezwen aprann vire pwoblèm nou yo nan lapriyè. Tankou yon ekriven kantik te ekri : « Bondye espesyalize Li nan bagay ki sanble enposib ». Men L' ap tann pou ou mande Li èd Li nan bagay ki enposib. Konsekrasyon Jezi pou mentni yon bon kalite lavi lapriyè te mande Li souvan pou rete je klè ta nan nwit e leve bonè nan maten. San menm konsekrasyon an, nou pa kapab espere karyè pwofesè nou va gen siksè.

Pèsiste nan mande. Pwofèt Eli te bezwen mande sèt fwa anvan menm pi piti nyaj lapli a te parèt. Apòt Pòl te mande soulajman anba yon kalite maladi nan kò li twa fwa anvan Bondye te ba li yon repons. Bondye vle konnen kouman ou serye pou jwenn repons demann ou a. E lè ou lapriyè avèk lafwa, espere ke lapriyè ou va gen yon repons. Gade Senyè a akonpli plan Li, e fè lwanj Li pou fidelite Li. Rakonte zanmi e fanmi ki gran bagay Senyè a fè pou ou.

Bondye ap tann pou reponn ou ! Poukisa ou pa mande ?